



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN FAZ XIV NAN KAD INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA

Aplikasyon finansman konsolide Eta New York la kounye a [ouvri](#) avèk finansman ki disponib ki soti nan plis pase 20 pwogram

Nouvo pwogram sibvansyon kapital la pral bay fon pou pwojè ki sitiye nan kominote sètifye ki favorab pou lojman yo

Nouvo pwogram pou sipòte ti fabrikan yo atravè Eta a

Gouvènè Hochul te anonse jodi a lansman Faz XIV nan kad Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Faz XIV la gen ladan 445 milyon dola nan sibvansyon debaz kapital ak finansman kredi enpo konbine avèk yon gran varyete pwogram ki soti nan uit ajans Eta a, ki gen ladan 100 milyon dola nan fon sibvansyon ki soti nan men Empire State Development (ESD), ki disponib pou pwojè yo sou yon baz kontinyèl. Yo ankouraje Konsèy yo pou sipòte pwojè ki fè avanse oswa adrese priyorite estratejik eta yo - ki gen ladan kominote ki gen pwoblèm yo, gadri, patenarya piblik-prive inovatè, bilding vèt ak devlopman dirab. Pwojè ki ankouraje objektif sa yo pral elijib pou yon plis bagay kreyatif.

"Dènye faz Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pral kontinye travay transfòmasyon n ap fè nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman eta nou yo pral finanse pwojè nan kominote sètifye ki favorab pou lojman ak pi lwen ki pral ankouraje patenarya piblik-prive epi fè yon diferans nan lavi chak jou Nouyòkè yo. Mwen espere wè plan ki pral sipòte ti fabrikan yo, elaji aksè a gadri, ede bati yon avni dirab epi prepare wout la pou opòtinite."

"Avèk dènye etap sa a nan Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la, REDC yo yon lòt fwa ankò anbrase defi pou amelyore rejyon yo atravè pwojè ki pi byen adrese bezwen espesifik rejyon yo epi baze sou byen lokal yo," **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Avèk finansman adisyonèl ane sa a, ki vize pou ede ti fabrikan yo, òganizasyon san bi likratif yo, epi nan sipòte objektif Gouvènè a pou lojman ak revitalizasyon kominote a, n ap kontinye re-evalye bezwen Nouyòkè yo epi n ap reponn yo avèk plan aksyon."

Nan faz XIV, ESD ap lanse de nouvo pwogram sibvansyon: Pwogram Sibvansyon Amelyorasyon Kapital pou Kominote ki Favorab pou Lojman ak Pwogram Sibvansyon pou Modènizasyon Ti Fabrikan yo (Small Manufacturer Modernization Grants Program). Jiska 40 milyon dola pral disponib pou minisipalite yo, konte yo epi òganizasyon san bi likratif yo atravè Pwogram Sibvansyon Amelyorasyon Kapital pou Kominote ki Favorab pou Lojman, pou sipòte pwojè amelyorasyon kapital yo ak pwojè kreyasyon espas ki sitiye nan kominote favorab pou lojman ki gen sètifikasyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes & Community Renewal, HCR). Pwogram nan fèt pou sipòte dirèkteman patisipasyon lokal nan [Pwogram Kominote ki Favorab pou Lojman](#) (Pro-Housing Communities Program) Gouvènè Hochul la pou investi epi kreye kominote ki pi dinamik atravè Eta New York. Prim yo pral varye ant 100,000 ak 3,000,000 milyon dola.

Jiska 10 milyon dola ap disponib atravè Pwogram Sibvansyon Modènizasyon pou Ti Fabrikan an, ki pral bay fon sibvansyon pou ti fabrikan istorik atravè eta a pou investi nan modènizasyon ak entegrasyon teknoloji avanse. Prim yo pral varye ant 50,000 ak 250,000 dola.

100 milyon dola nan fon sibvansyon ESD yo pral disponib sou yon baz kontinyèl, avèk rekonpans yo bay pandan tout ane a. Ane sa a, aplikan minisipal yo dwe se yon Kominote ki Favorab pou Lojman ki sètifye.

Anplis de sa, yon dezyèm faz atravè pwogram Sibvansyon Kapital pou Òganizasyon San Bi Likratif (Not-for-Profit Capital Grant Program) yo pral mete disponib jiska 5 milyon dola pou bay sibvansyon fon kontrepati bay òganizasyon san bi likratif yo ki bay avantaj ekonomik ak kominotè nan rejyon pa yo pou ede ak amelyorasyon enstalasyon yo ak mizajou yo. Prim sibvansyon yo pral varye ant 25,000 a 100,000 dola.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Soti nan pwogram eritaj tankou Excelsior ak Market New York, rive nan nouvo finansman ki sipòte ti fabrikan yo ak kominote ki favorab pou lojman, Faz XIV la pral kontinye avanse priyorite ekonomik eta a nan yon echèl lokal atravè Konsèy Rejyonal yo. Finansman milti-ajans ki disponib atravè nouvo seri inisyativ REDC sa a pral ede Eta New York jenere nouvo envestisman ak kwasans ekonomik nan tout Eta New York."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare"Gen plis pase 50 Kominote ki Favorab pou Lojman ki deja sètifye, ak omwen 170 lòt ki nan rezèv la. Avèk lansman nouvo 40 milyon dola Sibvansyon Amelyorasyon Kapital ESD pou pwogram PHC ak 100 milyon dola anplis nan fon ki vize pou Kominote ki Favorab pou Lojman yo, Eta New York ap pran latèt nan bay kominote yo pouvwa pou yo trase pwòp potansyèl kwasans ekonomik enklizif yo. Se yon plezi pou nou mete pwogram sa yo sou pye ak fonksyonèl byen vit, epi gras a detèminasyon fèm Gouvènè Hochul pou rezoud kriz lojman nou an ak patenarya nou ak lejislati a, n ap selebre pwogrè avèk inogirasyon ak koupe riban ak plis bon kalite kay pou Nouyòkè yo nan yon avni prè."

Mizajou Pwosesis Planifikasyon Estratejik Rejyonal la

10 REDC yo gide pa plan devlopman ekonomik rejyonal estratejik pa yo, ki mete aksan sou avantaj inik chak rejyon epi ki bay estrateji pou pwofite resous lokal yo pou estimile devlopman ekonomik rejyonal yo ak kreye travay nan tout Eta a. Chak Konsèy Rejyonal pral gen pou l kreye yon rapò anyèl ki mete aksan sou eta rejyon respektif yo ak fason yo ap aplike plan estratejik ajou ane pase yo.

Aplikasyon pou Finansman Konsolide

Konsèy Rejyonal yo pral bay pwojè yo soumèt atravè Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) nòt, ki se aplikasyon senplifye Eta a pou resous Eta a yo epi ki gen ladan pwogram plizyè ajans. Li fèt pou bay aplikan pwojè yo aksè akselere ak senplifye ak yon seri fon sibvansyon ak kredi enpo konbine ki soti nan plizyè douzèn pwogram ki egziste deja. Ane sa a, gen finansman disponib ki soti nan 8 ajans Eta nan plis pase 20 pwogram. Konsèy Rejyonal yo pral revize pwojè yo epi yo bay nòt ki reflekte nan ki jan yon pwojè ka an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon.

Atelye CFA yo pral fèt nan tout Eta a pou aplikan yo patisipe ak aprann sou pwogram ki ofri atravè Faz XIV REDC a ansanm avèk opòtinite finansman adisyonèl nan divès pwogram eta ki gen ladan òf Biwo Devlopman Mendèv Estratejik ak Pwogram Ti Biznis pa mwayen ESD. W ap jwenn yon orè konplè atelye yo [isit la](#).

Manyèl 2024 REDC a ak yon lis resous adisyonèl ki disponib pou Manm REDC yo aksesib [isit la](#). CFA a disponib [isit la](#); dat limit pou aplikasyon yo se mèkredi 31 jiyè a 4 p.m. Pwogram enskripsyon ouvè yo pa sijè a dat limit 31 jiyè a epi yo pral kontinye aksepte aplikasyon yo sou yon baz kontinyèl jiskaske finansman yo fini.

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC a, yo te bay plis pase 8 milya dola a plis pase 9,900 pwojè kreyasyon travay ak devlopman kominotè ki konfòm avèk plan estratejik chak rejyon.

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou regionalcouncils.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)